



**KUSAENZANA KWEMAWANIRO**

**EMVURA MU HOPLEY:**

**SIMBA KUVANHU**



**TOKUGAMUCHIRAI KUNZVIMBO YE HOPLEY,  
NZVIMBO YEKUTI ZVINHU ZVAKATIKOSHERA SEVANHU  
HAZVISI NYORE KUZVIWANA.**

**MUNHARAUNDA UMU, KUTI UWANE CHIRONGO  
CHEMVURA YEKUNWA YAKACHENA KUNONETSA.**



**KANA UKAITA ROMBO RAKANAKA REKUITA  
MARI, UNOKWANISA KUTENGA MVURA KUNE  
VANOITENGESA.**

**ASI UMGAZIVE KUTI VATENGESI  
VACHO VAKAVIMBIKA NDIANI?**





**PAMWE ANGANGE ACHICHERA MVURA  
YACHO KUBVA MURWIZI MUKUVISI NGUVA  
DZEUSIKU, RWIZI RUNEMVURA  
ISINA KUCHENA.**





**ACHIPARADZIRA UTACHIONA HWE  
MANYOKA KANA KUTI BILHARZIA MASIKATI  
MACHENA.**



ZVITORI NANI KUTI UNOZVICHERERA  
MVURA YACHO WEGA, KUNYANGWE KURI  
KURE HAKO.



ACHIEDZA KUNYAMBUKA MUGWAGWA  
UNENJODZI KWAZVO.  
UKAKWANISA KUPUNYUKA APA,  
NJODZI HAIGUMIRE IPAPO.





**VAKADZI NEVASIKANA VANOMANIKIDZWA  
KUBHADHARA ZVINODARIKA MARI  
KUTI VAWANE MVURA.**



ZVIRI PACHENA KUTI KUSHAIKA KWEMVURA KWAITA  
KUTI VAZHINJI VASANGANE NEKUMBUNYIKIDZWA  
KWEKODZERO DZEPAPONDE, MHIRIZHONGA KUVANHUKADZI,  
PAMUVIRI KUVASIKANA VECHIDIKI NEKUREGEDZA CHIKORO.

ZVINOSIYA VASHOMA VASINA IMWE  
NZIRA NEKUTI HAVAKWANISE KUBHADHARA.



**VASINA IMWE NZIRA VANOGUMA VAENDA  
KUMAKUVA EKU GRANVILLE, VACHICHERA MVURA  
PEDYO NEMAKUVA.**





**MUONGORORO YAKAITWA, ZVIKAMU  
ZVINOKWANA KUITA MAKUMI NEMAASERE KUBVA  
MUZANA (80%) ZVENZVIMBO DZINOCHERWA MVURA  
MU HOPLEY ZVINE UTACHIWANA  
UYE ZVINE NJODZI.**

**IZVI ZVAKAKATYAMADZA  
NHARAUNDA YESE.**



ASI VAGARI VEMU HOPLEY VAVE  
NEMAKORE VACHIRWIRA KODZERO  
DZEMVURA KUBVA KUTANGA KWENHARAUNDA  
YAVO MUNA 2005.



PEKUTANGA TANGA, KANZURU YEGUTA RE HARARE  
YAINGE YAKAISA POMBI SHANU DZERUZHINJI  
DZINOBUDA MVURA, IMWE NEIMWE ICHISHANDISWA  
NEMISHA YAKAWANDA.






VAGARI AVA VAINGE VANETA  
NEKUTI MVURA YAINGOWANIKA KWEKA  
NGUVA KAPFUPI UYE MUNZVIMBO SHOMA  
DZEMUNHARAUNDA.



**NHARAUNDA YAKAKWANISA KUWANA  
RUBATSIRO RWEMARI KUBVA KU UNICEF.**

**KWEMAKORE MASHANU, MVURA  
YAIBUDA KUBVA MUPOMBI MUNZVIMBO  
YE HOPLEY.**



**ASI MUSHURE MACHO, UNICEF YAKAMIRA  
KUISA RUBATSIRO RWAYO. NZIRA DZEKUWANA  
NADZO MVURA DZIKAOMA KWAZVO.**

**MUGORE RA 2015, NHARAUNDA  
YAKABATANA PAMWE CHETE.**





VANGA VAVE KURWARA NEKUDA  
KWEMVURA ISINA KUCHENA .

VAKABATANA KUTI VAWEDZERE  
POMBI NOMWE DZEMVURA MUNHARAUNDA  
MAVO.



ASI, POMBI DZINOFAMBISA MVURA  
MUNHARAUNDA UMU DZAPARARA,  
ZVINOTODA KUGADZIRWA.

NHARAUNDA YAKABVUMIRANA  
KUBHADHARA MADHORA  
MASHANU PAMWEDZI.



**ASI VAMWE VAGARI HAVAKWANISE KUBVISA MARI IDZI.**

**VAMWEO VANOTI HARISI BASA RAVO KUTI  
VAGADZIRE POMBI DZEMVURA IDZI.**

**KOITA VAMWE VANOTANGA  
KUGADZIRA NZIRA DZAVO VEGA.**



VACHIBATANIDZA DZIMWE  
POMBI ZVISIRI PAMUTEMO.

NZIRA DZAISHANDISWA KUTERA MARI  
YEMVURA DZIKATANGA KUSASHANDA.



**POMBI DZEMUNHARAUNDA DZINOBVISWA  
NEKANZURU YEMU HARARE MUNA 2016.**

**ASI VASHANDI VEKANZURU  
VANOGARA MUNHARAUNDA UMU,  
VANOSARUDZA KUTUNGAMIRA VARIVO  
(NEKUTI VANOWANA MARI PAMWEDZI  
WOGA WOGA).**





**VACHIITA MUBATANIDZWA WEMARI KUTI VAGADZIRE  
IMWE NZIRA YEKUTI VAWANE MVURA PAMBA NEPAMBA.**

**VAKATANGA VACHIBVISA USD 62 PAIMBA  
YOGA YOGA, IKAZOKWIRA KUSVIKA USD87.**



VAMWE VAIRAMBA KUBVISA MARI NEKUTI  
VAITI HAVAZIVE KUTI DZIMBA DZAVO DZIRI  
PAMUTEMO HERE UYE VANOGONA  
KUDZINGWA PAVAGERE.



CHIRONGWA CHAKATUNGAMIRWA  
NEVAGARI VENHARAUNDA ICHI, CHAKAKWANISA  
KUBATA DZIMBA DZINOSVIKA CHURU  
CHIMWE CHETE (1000).



**MUGORE RA 2018, KANZURU INOKURUDZIRA  
KUTI VAGARI VENHARAUNDA VAENDESE HURONGWA  
HWAVO HWEMVURA KU VITENS EVIDES INTERNATIONAL  
(VEI), AVO VANOKWANISA KUVABATSIRA.**

**MUSHURE MEKUTAMBUDZIKA ZVIKURU, VAGARI  
VANOPEMBERA VACHINZWA KUTI ZVISHUVIRO  
ZVAVO ZVAZOADZISWA.**





VEI YABVUMA KUBATSIRA VAGARI  
VENHARAUNDA NE KUISA POMBI DZEMVURA  
PA IMBA IMWE NEIMWE, IZVI ZVAKABATSIRA  
DZIMBA ZVURU ZVIVIRI.



VAGARI VENHARAUNDA VANOFANIRA  
KUBVISA MARI YEKUTI MITA IISWE NE KANZURU  
IZVO ZVINOITA KUTI VATANGE KUWANA MVURA.

ZVEKARE VAMWE VAGARI HAVAKWANISE  
KUBVISA MARI IDZI.

CHIRONGWA CHEMVURA ICHI HACHISATI  
CHAPERA ZVINOREVA KUTI MATAMBUDZIKO  
EMVURA ACHIRIMO MUNHARAUNDA.



Government Grant Awarded To:

*The Residents of Hopley*

At The Amount Of:

*Two thousand dollars only*

Date:

*08/2018*

Signed:

*[Signature]*

**KANA HURUMENDE IKABATSIRA VAGARI  
NEMARI YEMVURA, ICHIBATSIRA NEZVEKUSHANDISA  
ZVINGADIWA PAKUISA MVURA UYE KUUNGANIDZA  
VAGARI KUTI VASHANDE PANODA SIMBA RAVO.**



ICHIBATSIRA NEDZIMWE NZIRA DZEKUTI  
VAGARI VAKWANISE KUWANA MVURA  
VAKAMIRIRA HURONGWA HWEMBERI.

VAGARI VANOKWANISA KUENDA  
MBERI ZVAKANAKA VAKANANGA DZONZVO  
RAVO REKUUNZA MVURA MUNHARAUNDA  
KUNE UMWE NEUMWE.







PAKUPEDZISIRA, NHARAUNDA INOVANDUDZWA  
ZVINOVA ZVINOITA KUTI MAZUVA AYA ERIMA  
REKUSHAIWA MVURA APERE.

## CREDITS

**Kufambiswa Kweongororo**  
*Tariro Nyevera (DGI)*

**Mugadziri**  
*Karrie Fransman*

**Vakutungamira Chigadzirwa**  
*Dr Benjamin Worku-Dix*

**Munyori Wenyaya**  
*Karrie Fransman*

**Nyanzvi Yemifananidzo**  
*Tafadzwa E Shumba*

**Sangano Rakaburitsa**  
**Chigadzirwa**  
*PositiveNegatives*

### **Kwakabva Mari**

*Ongororo dzirikutwa pasi pe Inclusive  
Urban Infrastructure dzirikutungamirirwa ne University  
of Sussex, UK, uye mari irikubva ku UK Research  
and Innovation kuburikidza ne Global Challenges  
Research Fund, Ref: ES/T008067/1*



***Tsvakurudzo dzirikuitwa pasi pe Inclusive Urban Infrastructure ndedzekuda kuziva kuti infrastructure iri kusvika kuvanhu veku Global South sei uye vaya vanoita sevanosarira kumashure vangabatsirika sei. Kana uchida kuziva zvakawanda enda apa:***

***[inclusiveinfrastructure.org](http://inclusiveinfrastructure.org)***



Economic and Social Research Council



Development Governance Institute



US  
UNIVERSITY OF SUSSEX

